**दिन– रविवार** **दिनांक–05.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन प्रगति यात्रा के दरमियान आइ मुजफ्फरपुर जिला मे पांच सय करोड़ा टाका सँ बेसी के योजना सभ शिलान्यास आ उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री कहलनि जे सरकार हरेक क्षेत्र मे लागतार काज कऽ रहल अछि। जाहि सँ विकास के नव गति भेटल अछि। श्री कुमार कहलनि जे मुजफ्फरपुर मे ट्रैफिक जामक समस्या के दूर करबाक लेल जिला के पूर्वी भाग मे रिंग रोड़ के निर्माण कराओल जायत। एहि सँ सीतामढ़ी आ दरभंगा जयबा मे समय के विशेष बचत होयत। ओ कहलनि जे रामदयालू चौक पर जामक समस्या के दूर करबाक लेल गोबरसही आ रामदयालू नगर मे रेलवे क्रॉसिंग पर आरओबी के शीघ्र निर्माण कराओल जायत। मुख्यमंत्री मुजफ्फरपुरक बैरिया बस स्टैंडक नाम अमर शहीद बैकुंठ शुक्ल के नाम पर करबाक सेहो घोषणा कयलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री डेढ़ हजार सँ बेसी सामुदायिक संगठनक जिविकोर्पाजन लाभार्थी लोकनि के पचास करोड़ सँ बेसी के चेक सेहो वितरित कयलनि।

---

राजद सुप्रीमो लालू प्रसाद के दिस सँ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के एनडीए छोडि कऽ महागठबंधन मे सम्मिलित हेबाक प्रस्ताव पर राजनीतिक बयानबाजी जारी अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मुजफ्फपुर मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे ओ एनडीए के संग छथि आ संगे रहताह। ओतहि केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी लालू प्रसाद के बयान पर कहलनि जे ओ अपन हार स्वीकार कऽ लेलनि अछि। बिहार आब जंगलराज के चंगुल सँ निकलि कऽ डबल इंजन सरकारक नेतृत्व मे प्रगति पथ पर आगाँ बढ़ि रहल अछि।

---

राष्ट्रीय जांच एजेंसी– एनआईए फुलवारी शरीफक पीएफआई आंतकी फंडिंग मामिला मे एक मुख्य आरोपी मोहम्मद शज्जाद आलम के दिल्ली एयरपोर्ट सँ गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार आरोपी पूर्वी चंपारण जिलाक रहऽबला अछि। एजेंसी कहलक अछि जे आरोपी

प्रतिबंधित पॉपुलर फ्रंट ऑफ इंडिया के प्रशिक्षित कैडर अछि आ ओकर विरूद्ध एनआईए, पटनाक विशेष अदालतक दिस सँ गिरफ्तारी वारंट जारी कयल गेल छल। एनआईए के जांचक अनुसार आरोपी दूबई सँ संयुक्त अरब अमीरात, कर्नाटक आ केरल स्थित सिंडिकेट्स के माध्यम सँ बिहार मे पीएफआई कैडर सभ के अवैध धन पहुँचेबा मे सम्मिलित छल। एहि फंडक उपयोग पीएफआई के आपराधिक आ गैरकानूनी गतिविधि के बढ़ावा देबाक लेल कयल गेल छल।

————————————————————————

दरभंगा के सांसद डॉक्टर गोपाल जी ठाकुर कहलनि अछि जे प्रधानमंत्री ग्राम सड़क योजनाक अंतर्गत सड़क आ पुल–पुलिया के निर्माण मे अनियमितता बर्दास्त नहि कयल जायत। ओ जनौलनि जे एहि योजना के अंतर्गत सड़क आ पुल के टेंडर मे अनियमितता के आधार पर काजक आवंटन के उच्च स्तरीय जांच कऽ दोषी अधिकारी लोकनि के चिन्हित कयल जा रहल अछि। श्री ठाकुर कहलनि अछि जे सड़क आ पुल निर्माण काज मे व्यापक अनियमितता करऽबला अधिकारी, संवेदक आ अभियंता लोकनि पर उचित कानूनी कार्रवाई कयल जायत।

————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ पूर्व उपमुख्यमंत्री स्वर्गीय सुशील मोदी के आइ पचहत्तरम जयंती अछि। भाजपाक दिस सँ एहि अवसर पर पटना सहित प्रदेशक विभिन्न स्थान सभ पर कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। मुख्य कार्यक्रम पटनाक श्री कृष्ण मेमोरियल हॉल मे आयोजित कयल गेल। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आ स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय सहित कतेको वरिष्ठ नेता लोकनि सुशील मोदी के फोटो पर पुष्पाजंलि अर्पित कऽ अपन श्रद्धांजलि देलनि।

————————————————————————

सर्द पछुआ हवाक प्रभाव सँ पूरा प्रदेश ठंडा के चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ पूर्वी चंपारण के मोतिहारी मे सभ सँ कम न्यूनतम तापमान छओ दशमलव सात डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। वैशाली, समस्तीपुर आ नालंदा मे अति शीत दिवस आ पटना तथा मोतिहारी मे शीत दिवसक स्थिति बनल रहल। विभागक अनुसार पटना मे अति घनगर कुहेस जखन कि गया, भागलपुर आ पूर्णियां मे घनगर कुहेस लागल रहल। अगिला चौबीस घंटा मे राज्यक बेसी जिला मे भोर समय घनगर कुहेस लागल रहबाक

संभावन अछि। विभाग कहलक अछि जे अगिला अड़तालीस घंटा के दरमियान न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत।

————————————————————————

सिख के दशम आ अंतिम गुरू, गुरू गोविन्द सिंह जी महाराजक तीन सय अंठावनम जन्मोत्सव के दोसर दिन आइ कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि। पटना सिटी स्थित तख्त श्री हरमंदिर साहिब मे देशक विभिन्न क्षेत्र सभ सँ आयल हुजुर रागी संगीत मंडली कीर्तन मे भाग लऽ रहल छथि आ श्रद्धालु लोकनि के खलसा पंथ के संस्थापक सँ जुड़ल कथा सुना रहल छथि। प्रकाश पर्व के लऽकऽ पटना के गाय घाट, बाल लीला, कंगन घाट आ हांडी साहिब गुरूद्वारा के सेहो आकर्षक ढंग सँ सजाओल गेल अछि। उत्सव के लऽकऽ पटना जिला प्रशासनक दिस सँ सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। जिलाधिकारी डॉक्टर चंद्रशेखर सिंह जनौलनि जे भीड़ प्रबंधनक लेल तेरासी ठाम एक सय पंद्रह मजिस्ट्रेटक नियुक्ति कयल गेल अछि आ भारी वाहन के परिचालन पर रोक सेहो लगा देल गेल अछि।

————————————————————————

समाप्त